



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU TRAVAY KONSÈY SOU GRANGOY AK POLITIK ALIMANTÈ KI FÈK FÒMALIZE PANDAN MWA SOTI NAN FÈM RIVE LEKÒL LA**

*Gwoup ki fèk otorize a reyalize yon dezyèm reyinyon apre regwoupman reyisi a, ki finalize rekòmandasyon pou rapò bay Gouvènè a*

*Lòt pwogram eta yo sipòte travay konsèy la pou pote plis manje lokal bay lekòl New York yo ak konbat ensekirite alimantè*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, pandan Mwa Soti nan Fèm Rive Lekòl la (Farm-to-School), te mete aksan sou travay Konsèy sou Grangou ak Politik Alimantè revitalize Eta a, ki te resamman ofisyalize nan lwa epi ke Gouvènè a te bay responsabilite ofisyèlman pou bay Eta a rekòmandasyon sou fason pou ogmante itilizasyon manje ki bon pou sante epi ki pwodui nan nivo lokal yo nan manje lekòl yo, elaji aksè manje nan kominote ki pa gen ase sèvis yo, epi ranfòse pwodiksyon ak pwosesis agrikòl. Travay Konsèy la anplis sipòte priyorite Gouvènè a epi fè avanse anpil inisyativ Eta a ki ankouraje rezistans chèn apwovizyonman manje New York epi pote plis manje New York bay fanmi New York ki nan bezwen yo.

"Pandan ke nou soti nan kriz imedya pandemi COVID-19 la, efè li yo pran tan, tankou bezwen pou fanmi nou yo, lekòl yo, ak kominote yo pou jwenn aksè nan ase manje fre, lokal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Konsèy New York sou Grangou ak Politik Alimantè ak lòt pwogram inovatè ki vize soulaje estrès ensekirite alimantè ak senplifye chèn apwovizyonman manje nou an, nou ka fè yon diferans pou konbat grangou ak amelyore nitrisyon atravè Eta a, pandan n ap sipòte kominote agrikòl nou an menm tan".

[Konsèy New York sou Grangou ak Politik Alimantè](#) a gen ladan 25 moun ki gen enterè ak plizyè afilye ki gen ladan reprezantan antite gouvènman, kiltivatè, òganizasyon san bi likratif, operasyon agrikòl, inivèsite ak biznis manje. Konsèy la travay pou bay responsab politik eta yo ekspètiz sou fason pou adrese grangou ak amelyore aksè ak manje ki bon pou sante ki pwodui lokalman pou rezidan Eta New York ak timoun lekòl yo. Operasyonèl anvan sa anba Dekrè Egzekitif depi kreyasyon li an 2007, Gouvènè Hochul te siyen yon pwojè lwa ki kodifye Konsèy la an novanm 2022.

Dirije pa Komisè Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), Richard A. Ball, Konsèy la te reyalize dezyèm reyinyon li yè. Fòmalizasyon Konsèy la ankouraje nouvo elan pou gwoup la, ki gen ladan senk gwoup travay li yo, ki kontinye atire moun ekstèn ki gen yo nan konvèsasyon an epi travay pou opòtinite konkrè ak rekòmandasyon pou Eta New York. Gwoup travay yo te ogmante angajman yo nan misyon jeneral Konsèy la, kounye a reyini yon fwa pa mwa, avèk tout Konsèy la ki reyini de a kat fwa pa ane. Estrikti Konsèy revitalize sa a kreye yon pi bon mwayen pou bay rekòmandasyon dirèkteman bay Gouvènè a epi li ankouraje ogmante manm ak patisipasyon pati ki enterese yo.

Konsèy la pran angajman pou l ogmante itilizasyon manje ki bon pou sante ak ki pwodwi nan nivo lokal yo nan manje lekòl yo. Avèk priyorite sa yo, Konsèy la te kritik pandan etablisman [Inisyativ Eta New York 30 Pousan](#), ki gen entansyon bay timoun yo pwodwi manje ki bon pou sante ki soti nan New York kòm yon pati nan repa yo nan lekòl la. Inisyativ sa a ogmante ranbousman lekòl yo resevwa pou manje dine soti 5.9 santim pou chak repa pou vin 25 santim pou chak repa, pou nenpòt distri ki achte omwen 30 pousan engredyan pou pwogram manje midi lekòl yo nan men fèm New York yo. Depi Depatman Agrikilti ak Mache yo te pran responsabilite administrasyon pwogram lan kòm yon pati nan angajman Eta Leta 2022 Gouvènè Hochul te pran pou pi byen konekte fèm ak lekòl atravè New York yo, pwogram lan te wè plis patisipasyon otorite manje lekòl yo, avèk yon total 59 otorite manje lekòl yo te apwouve pou ranbousman pandan ane lekòl sa a, pa rapò ak 51 yo te apwouve pou ranbousman ane pase.

Inisyativ 30 Percent Eta New York la baze sou pwogram [Soti nan Fèm Rive Lekòl](#) New York ki gen siksè a, ki konekte lekòl yo ak fèm lokal yo ak pwodikè manje yo pou ranfòse agrikilti lokal yo, amelyore sante elèv yo, epi ankouraje sansibilizasyon sistèm alimantè rejyonal yo. Atravè pwogram nan, Depatman an bay asistans finansye, teknik, ak pwomosyon pou lekòl, fèm, distribitè, ak lòt òganizasyon sipò yo pou pote plis manje lokal, nourisan, ki varye selon sezon bay elèv New York yo. Pwogram Soti nan Fèm rive Lekòl la sipòte priyorite Konsèy la pou kòmanse ak fasilite kanpay sansibilizasyon piblik sou benefis ekonomik yon fèm lokal ak ekonomi manje; redui baryè jeyografik ak ekonomik pou amelyore aksè a manje fre ki bon pou sante; epi ankouraje nitrisyon timoun ki byen ekilibre.

Gras ak konsantrasyon li sou ranfòse lyen ak koperasyon ant pwogram yo ki konbat grangou ak sila yo ki pwodui ak founi manje, travay Konsèy la aliyen plis epi sipòte anpil lòt pwogram eta a ki konsantre sou redui ensekirite alimantè. Sa enkli pwogram [Nouri New York](#) (Nourish New York), ki jiska prezan te ede bank manje ak lòt founisè manje ijans yo achte plis pase 90 milyon liv manje New York, tankou lèt, yogurt, fwomaj, legim, fwi, ak plis ankò, soti nan kiltivatè lokal yo epi li te founi plis pase 75 milyon manje bay kominote atravè eta a. Li gen ladan tou [Pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè yo](#), ak Inisyativ FreshConnect Fresh2You ki fèk modifye, ke [Gouvènè a te anonse nan prentan 2023](#). Pwogram nan fè patenarya ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ak Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services, DVS) yo pou double pouvwa acha pou benefisyè

Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ak Veteran yo ak fanmi yo nan mache kiltivatè k ap patisipe yo.

Konplete tou travay Konsèy la, investisman nan bidjè ane fiskal 2023-2024 ki adopte a vize ogmante demann pou pwodwi agrikòl New York, ranfòse chèn apwovizyonman alimantè New York epi asire tout Nouyòkè yo kapab pwodui ak jwenn aksè nan manje fre ak lokal yo. Sa gen ladan 2 milyon dola nan finansman pou pwogram jaden kominotè pou amelyore aksè a pwodui fre nan zòn defavorize nan eta a, ansanm ak yon pwogram Sibvansyon Agrandisman Aksè a Manje 10 milyon dola. Depatman Agrikilti ak Mache [te anonse yon demann pou enterè nan kòmansman mwa sa a](#) pou ede fòme pwogram lan selon bezwen endistri a.

Anplis de sa, anpil ajans Eta New York travay ak gouvènman federal ak lokal yo atravè eta a pou adrese grangou ak ensekirite alimantè. SNAP se yon pwogram ki finanse federalman ke OTDA sipèvize epi depatman sèvis sosyal lokal yo administre. Nan dènye ane yo, New York te agrandi SNAP nan elimine kondisyon ki pa nesèsè yo epi senplifye pwosesis aplikasyon an, sa ki retire baryè kle pou redui grangou pou timoun ak adilt, pandan y ap kontinye efò pou maksimize avantaj yo pou tout Nouyòkè ki kalifye yo.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a opere pwogram nitrisyon pou rive jwenn popilasyon defavorize yo ki souvan pa gen aksè egal ak opsyon manje abondan, abòdab ak bon pou sante. Pwogram Nitrisyon Sipleman Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC) bay yon preskripsyon chak mwa pou manje nourisan ki fèt pou konplete bezwen alimantè plis pase 425,000 patisipan yo chak mwa. Patisipan yo resevwa bonjan konsèy sou nitrisyon ak edikasyon pou ogmante konesans yo sou chwa ki bon pou sante yo epi sèvi ak kat eWIC yo pou achte atik manje nourisan nan men vandè WIC apwouve yo. Anplis de sa, Pwogram Manje pou Swen Timoun ak Adilt sipòte manje ak ti goute ki bon pou sante yo sèvi pou plis pase 300,000 timoun ak granmoun nan anvivonman gadri chak jou. Pwogram sa yo esansyèl pou sipòte sekirite nitrisyon. [Jwenn plis enfòmasyon sou WIC.](#)

Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon, ansanm ak Inisyativ Nouri New York la, sipòte pwovizyon plis pase 400 milyon repa ijans yo bay atravè yon rezo apeprè 2,700 Òganizasyon Sekou Manje Ijans. Manje sa yo gen ladan pwodui nourisan ki grandi nan Eta New York ak pwodui letye. [Aprann plis sou Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyonèl DOH la.](#)

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la, Richard Ball, te deklare,** "Nou travay di pandan tout ane a pou ogmante sansibilizasyon sou ensekirite alimantè epi renouvle angajman nou pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè a manje lokal ak nourisan. Konsèy sou Grangou ak Politik Alimantè yo te jwe yon wòl enpòtan nan fòme relasyon ki te fondasyon plizyè pwogram manje ki gen siksè ak inisyativ soti nan fèm rive lekòl, epi nou kontan anpil pou nou gen gwoup la ki tounen ansanm avèk nouvo priyorite ak sible, anba direksyon Gouvènè Hochul. Lè nou fòmalye wòl Konsèy

la nan travay Eta a pou abòde grangou pandan n ap sipòte kiltivatè nou yo, nou ka kontinye devlope travay nou nan domèn sa a epi kontinye ranfòse sistèm alimantè a".

**Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare,** "Konsèy sou Grangou ak Politik Alimantè se yon kowalisyon enpòtan moun ki gen enterè ki dedye yo pou konbat grangou ak pwomouvwa aksè lokal ak manje nourisan. Fòmalizasyon resan li nan lalwa te enjekte yon nouvo elan, ki mennen nan ogmante angajman moun ki gen enterè yo. Travay Konsèy la ak pwogram Nouri New York la refilete angajman nou pou sipòte fèm lokal yo epi asire aksè a manje pou tout moun, enkli veteran nou yo ak fanmi yo".

**Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Gouvènè Hochul rekonèt jan aksè fasil ak manje fre, abòdab, ki pwodui lokalman enpòtan pou sante ak byennèt tout Nouyòkè yo. Ajans nou an pran angajman pou ede Nouyòkè yo satisfè bezwen esansyèl yo epi bay yo otonomi pou amelyore sekirite finansye yo ak estabilite nan kay yo – tou de se eleman kle nan bati fanmi ak kominote ki solid. Konsèy sou Grangou ak Politik Alimantè renouvle a pral kontinye ankouraje kolaborasyon yo ki pral san dout gen yon efè pozitif sou fanmi ki gen difikilte, fèm lokal nou yo, ak kominote defavorize yo atravè eta a".

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Li tèlman enpòtan pou moun yo gen aksè regilye ak opsyon manje ki bon, an sante ak abòdab, paske nitrisyon se baz pou bon sante an jeneral. Kòm yon pedyat, mwen te wè dirèkteman ki jan pwogram manje ak nitrisyon amelyore lavi ak sante global moun ki nan bezwen. Mwen remèsye Gouvènè a ak Komisè Ball paske yo pataje angajman sa a pou investi nan agrandisman aksè a manje ak konbat grangou nan Eta New York".

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Malgre pwogram sosyal federal yo, plizyè santèn milye Nouyòkè ap fè fas ak yon falèz grangou, yo pa kapab pèmèt yo ase manje nourisan pou bay fanmi yo manje epi yo souvan konfwonte ak chwa enposib pou yo repati lajan yo nan manje, lojman oswa sèvis piblik. An fas defi sa yo, New York pral kontinye mennen batay kont grangou. Pwogram nou an, antanke Prezidan Komite Agrikilti Sena a, se asire manje kiltivatè nou yo kiltive yo rive jwenn fanmi yo atravè eta nou an k ap lite ak ensekirite alimantè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te ogmante sansibilizasyon sou grangou ak pwogram enpòtan eta yo k ap travay aktivman pou ranfòse aksè a manje ak kowòdinasyon resous alimantè yo".

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Lejislati a avèk sipò Gouvènè Hochul, te etabli nan lalwa Konsèy sou Grangou ak Politik Alimantè Eta New York la pou devlope politik alimantè konplè ak kowòdone pou eta a. Avèk resous ki dedye nan bidjè eta a, koneksyon ki enpòtan anpil yo ap fèt ant manje fre ak manje ki pwodui lokalman, avèk Nouyòkè sa yo ki pi bezwen yo. Pwogram inovatè sa yo nesesè kounye a pi plis pase anvan, paske ensekirite alimantè te anvayi tout pati nan eta nou an. Kiltivatè nou yo pare pou jwe yon wòl nan fè fas a grangou, pandan l ap benefisye tou aksè a nouvo mache pou pwodwi yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)